

Anex 1 - Scale (wey de ansa EMIC-CSS) wey we de use sabi how far pipul de get stigma for EMIC cominiti.

Na onli pipul wey dey inside EMIC cominiti you go giv EMIC-CSS.

		Yes	E fit be	No	I no sabi	How meni di pesin get
		2	1	0	0	
1	Pesin wey cach leprosy go hide am make oda pipul no sabi?					
2	Abi you go tink say you no be ful pesin egen if pesin for inside ya famili don get leprosy?					
3	Leprosy de make pesin dey ashamed for ya cominiti?					
4	Oda pipul de tink say pesin wey don get leprosy no be pesin egen?					
5	If oda pipul sabi say pesin don get leprosy, e go get bad efect for dem?					
6	Abi oda pipul for ya cominiti no go gree go nia pesin wey don get leprosy?					
7	E get sombodi wey no go gree enta house of pesin wey don get leprosy?					
8	Oda pipul de tink say di famili of pesin wey cach leprosy no be coret famili egen?					
9	Abi leprosy go cos wahala for inside famili?					
10	If wan pesin for inside famili cach leprosy, abi dia famili go de fia to make pipul sabi say dia pesin cach leprosy?					
11	Leprosy go make pesin no mari?					
12	Leprosy go fit cos katakata for mariage?					
13	E fit hapen say pesin no go mari sake of say im relativ cach leprosy?					
14	Abi leprosy go make pesin no find work?					
15	If pesin wey de sofa leprosy de sel food, abi pipul no go like buy di food from am?					
	Total					

Anex 2 – Scale we de use de chek how pesin de stay nia or far from anoda pesin. (We de call dis scale SDS.)

Na onli pipul wey dey for di cominiti you go aks di question for dis SDS scale. Abeg make you chek: e get grama wey be for paticula contri an' for weda pesin be man abi woman.

Abeg rid di grama wey dey unda for pesin wey be man an' pesin wey be woman.

For pesin wey be man	For pesin wey be woman
Basil na wan bobo wey dey 23 yez for age. For di yea wey pas, im get tritment for leprosy. Doctor don tok say im leprosy don go, but som of im rite hand fинга stil bend, an' di tritment com make im skin com black. Basil de work wel for im uncle busines wey im salary be ₦280,000 for mont. Becos say leprosy don spoil im hand, Basil no dey fast for work as im de dey befor, but dat no be palava for di pesin im de work for, becos Basil sabi di work an' de do am wel. Basil na coret padiman for evribodi wia im de work. Im be wan mari. Anoda ting wey im like na to de mit pipul wey be de same age wit am, an' dis make am de tink say e good make im join asociation of youths for im place. Basil de also hope say im go find anoda work wey go giv am moni pas de wan im de do.	Miriam be woman wey dey 27 yez for age. For di yea wey pas, im get tritment for leprosy. Doctor don tok say im leprosy don go, but som of im rite hand fинга stil bend, an' di tritment com make im skin com black. Miriam de work wel for im uncle busines wey im salary be ₦280,000 for mont. Becos say leprosy don spoil im hand, Miriam no dey fast for work as im de dey befor, but dat no be palava for di pesin im de work for, becos Miriam sabi di work an' de do am wel. Miriam na coret babe for evribodi wey dey wia im de work. Im be wan mari. Miriam bin like to de mit pipul wey be de same age wit am, an' dis make am de tink say e good make im join asociation of youths for im place. Miriam de also hope say im go find anoda work wey go giv am moni pas de wan im de do.

		Wahala no dey for dat wan at all; I go do am.	Somhow I fit do am.	E get as e go dey I no go do am.	Foget dat wan; I no go do am.	
		2	1	0	0	Score
1	If sombodi wey dey like <name> com tel you say im wan be tenant for ya house, you go giv am house?					
2	You go fit do di same work wit <name> if you de work di same place wit am?					
3	How you go feel if sombodi wey dey like <name> com be ya nebor?					

LRI FP_22_15 - Di tings wey we tok an' rite to make di way pipul de see how we de find out about leprosy dey beta.

4	If dem say make sombodi wey dey like <name> com take care of ya pikins for jos 2 abi 3 awas, you go gree?				
5	How you go take am if wan of ya pikins com say im won mari sombodi wey dey like <name>?				
6	If e get woman wey you an'am be frend, you go hapi introduce am to <name>?				
7	You go like tel ya frend make im take sombodi wey dey like <name> to de work for am?				
					TOTAL

Anex 3 – The Rosenberg scale wey de find if pesin sabi how much im wort

Di Rosenberg scale na only pipul wey di dizis afect you go giv am.

Di tings wey de folo unda na differen differen tok wey consan di way wey you de generally feel about yasef. Abeg, eni tok wey you rich, make you tok weda you gree wel wel wit am, abi you no gree at all at all, abi you jos gree or no gree?

		I gree wel wel (IGWW)	I gree (IG)	I no gree (ING)	I no gree at all at all (INGAA)
1	For evritin, I dey OK di way I dey.				
2	E get time wey I de tink say I no good at all.				
3	For my mind, e be me like say e get som tings about me wey good.				
4	Tings wey oda pipul sabi do, I fit do dem wel.				
5	E de dey me like say I no get plenti tings wey go make me do inyangana.				
6	E get times wey e de dey me like I no be of eni use.				
7	I de feel say I be wort somtin as oda pipul wort somtin.				
8	How I wish I fit respect myself pas as I de do am now.				
9	For evritin, e de do me like say I don fel.				
10	My attitude as e consan myself dey positive.				

How di score dey: IGWW=3, IG=2, ING=1, INGAA=0. You go begin from 0 de score items wey
get asterisk de go up, like dis: IGWW=0, IG=1, ING=2, INGAA=3. Make you total de scores wey
di 10 items get. As score de go up, na so self-esteem de go up.

Anex 4 – ISMI scale, wey min Internalized Stigma of Mental Illness scale, wey dem be ajos make e dey OK for leprosy

Na onli pipul wey leprosy de wori, you go use dis ISMI scale mesure. Afta evri question, abeg say weda you no gree at all at all (1), no gree (2), gree (3), abi you gree wel wel (4).

	I no gree at all at all	I no gree	I gree	I gree wel wel
	1	2	3	4
1. As I don get leprosy, e be me like I no folo for dis world.	1	2	3	4
2. Pipul wey leprosy de wori too de fite.	1	2	3	4
3. Becos I don get leprosy, pipul no de like make me an' dem do enitin.	1	2	3	4
4. I no de like go nia pipul wey no get leprosy, so dat dem no go tel me to giv chance.	1	2	3	4
5. E de shame me say I don get leprosy.	1	2	3	4
6. Pipul wey don get leprosy no suppose mari.	1	2	3	4
7. Pesin wey leprosy de wori de contribute somtin wey dey impotant giv societi.	1	2	3	4
8. E de be me like I no rich pipul wey no de sofa leprosy.	1	2	3	4
9. I no de folo pipul mix rich as I de do befor, becos di condition fit make me behave wan kind.	1	2	3	4
10. Pipul wey leprosy de wori no fit live beta life.	1	2	3	4
11. I no de tel pesin enitin as e consan my condition, becos I no won be wahala for eni pesin.	1	2	3	4
12. I no de folo for di tings wey pipul de nomaly do for dis world, an' dat na becos e get as pipul de see an' take leprosy. De bad bad tins wey pipul dey talk about leprosy na im make me de commot myself from pipul	1	2	3	4
13. If I dey wia pipul wey no get leprosy dey, e no de be me like say I folo be pesin.	1	2	3	4
14. I no get wahala say pipul de see me an' pesin wey im bodi dey sho sign say im get leprosy.	1	2	3	4
15. Say I don get leprosy de make pipul de trit me like small pikin.	1	2	3	4

LRI FP_22_15 - Di tings wey we tok an' rite to make di way pipul de see how we de find out about leprosy dey beta.

16. Leprosy don make me no trus myself.	1	2	3	4
17. Leprosy don scata my life.	1	2	3	4
18. Di way I dey for eye de make pipul sabi say I de sofa or don sofa leprosy.	1	2	3	4
19. Becos I don get leprosy, na oda pipul suppose de take decision for me.	1	2	3	4
20. I no de go wia plenti pipul de gada, so dat I no go cos my famili pipul an' my frends embarasment.	1	2	3	4
21. E no dey possible say pipul wey no get leprosy fit undastand me.	1	2	3	4
22. Jos becos I don get leprosy, pipul no de regad me.	1	2	3	4
23. Leprosy make me no fit contribute enitin giv societi.	1	2	3	4
24. As leprosy neva kil me, I be tof pesin.	1	2	3	4
25. No pesin go like nia me as I don get leprosy.	1	2	3	4
26. Afta evritin, I de liv my life as I like.	1	2	3	4
27. No mind di condition wey I dey, I fit enjoy coret life.	1	2	3	4
28. Oda pipul de tink say I no fit get plenti achivment for life sake of di leprosy wey I get.	1	2	3	4
29. I folo de experiens de ways wey pipul de see an' take pesin wey de sofa leprosy.	1	2	3	4